



Moun ki fèk vini

Men ki benefis ou ka fè lè w fè enpo ou!

Lajan ak kredi ou ka benefisye:

Allocation canadienne pour enfants

- Jiska **6,496 \$** chak ane pou chak timoun ki gen mwens pase 6 an
- Jiska **5,481 \$** chak ane pou chak timoun ki genyen 6 an jiska 17 an
- Ak lòt lajan pwovens ak teritwa ka ba w si w gen dwa pou sa

Crédit pour la TPS/TVH

- Jiska **568 \$** chak ane
- Plis **149 \$** chak ane pou chak timoun ki poko genyen 19 an
- Ak lòt lajan pwovens ka ba w si w gen dwa pou sa

Kijan w ap jwenn lajan w yo?

Lè ou jwenn nimewo asirans sosyal ou ke Service Canada voye ba ou, se pou ranpli fòmilè pou ka jwenn lajan ak kredi ou ka benefisye. Men fòmilè pou ranpli yo epi voye **tout** dokiman yo bay Agence du revenu du Canada (ARC):

- Fòmilè RC66, Demande de prestations canadiennes pour enfants
- Fòmilè RC66SCH, Statut au Canada et état des revenus
- Fòmilè RC151, Demande du crédit pour la TPS/TVH pour les particuliers qui deviennent résidents du Canada

Kijan pou w ka kontinye jwenn lajan w yo?

Se yon sèl fwa ou bezwen aplike pou w konnen si ou gen dwa pou resevwa lajan pou timoun ak kredi ou ka benefisye. Tankou yon moun ki rete Kanada, ou dwe **fè enpo w chak ane** menm si ou pafè kòb.

Agence du revenu du Canada ap itilize enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo ak lòt enfòmasyon pou yo ka kalkile kantite lajan ou dwe resevwa. 2 moun ki marye oubyen ki plase dwe fè enpo yo chak ane.





Ou bezwen asistans?

Pwogram Volontè Kominotè pou Enpo

Sa a se yon pwogram gratis kote volontè yo kapab fè enpo w pou ou, si kòb ou fè pa anpil ak yon sitiyasyon enpo kip senp. Pou w jwenn yon volontè tou pre lakay ou ale sou sit entènèt sa a canada.ca/impots-aide.

Otorize yon reprezantan

Ou kapab bay yon lòt moun pèmasyon (tankou yon moun nan fanmi w, zanmi w, yon kontab) pou kontakte Agence du revenu du Canada pou ou. Ou kapab mete oubyen retire yon reprezantan w lè w ale sou *Kont Mwen* oubyen ou kapab ranpli fòmilè T1013, Demander ou annuler l'autorisation d'un représentant epi voye l bay Agence du revenu du Canada.



Enskri pou depo dirèk

Ak depo dirèk Agence du revenu du Canada ap depoze lajan ak kredi ou ka benefisye dirèkteman nan kont anbank ou. Ou pap ka resevwa okenn chèk pa lapòs. Pou w enskri nan depo dirèk la, ale sou sit entènèt sa a canada.ca/arc-depot-direct.



Anrejistre pou Mon dossier

Aprè Agence du revenu du Canada fin evalye premye deklarasyon w la, ou kapab anrejistre pou Mon dossier pou ka jere zafè enpo w sou entènèt. Ou kapab swiv ranbousman ou, tcheke lajan ak kredi ou ka benefisye, ak dat yo, ak anpil lòt bagay toujou! Pou anrejistre ale sou sit entènèt sa a canada.ca/mon-dossier-arc.

Evite delè ak erè nan lajan

Chanjman nan zafè dosye w tankou si ou marye, kantite timoun w ap okipe, ak kote ou rete ka chanje kantite lajan ak kredi ou ka benefisye. Pou w evite delè ak erè nan lajan w regle zafè dosye w nan Mon dossier oubyen rele Agence du revenu du Canada.

Bezwen plis enfòmasyon?



Sou sit entènèt

- Enfòmasyon pou moun ki fèk vini : canada.ca/impots-nouveaux-arrivants
- Lajan pou timoun ak fanmi : canada.ca/prestations-enfants-familles
- Prepare w pou fè enpo w : canada.ca/impots-preparez-vous
- Fòmilè ak lòt dokiman Agence du revenu du Canada piblye : canada.ca/arc-formulaires



Nan telefòn

- Pou poze kesyon sou lajan ak kredi ou ka benefisye : **1-800-387-1194**
- Pou tout lòt kesyon ak kote pou jwenn fòmilè : **1-800-959-7383**
- **Service Canada** (nimewo asirans sosyal) : **1-800-808-6352**

* Vèsyon ofisyèl fich enfòmasyon ARC yo sou prestasyon ak kredi se vèsyon Anglè ak Fransè yo. Poutèt nyans ki genyen nan fè tradiksyon ale nan yon lòt lang, kapab genyen kèk ti diferans osnon ti erè.